Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 11 (7460)
11 Март
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Москвалда - Дагъистаналъул Къоял

## Дагъистаниязул гIумро-яшав лъикIлъиялъе



I-3 марталда Москвалда Федерациялъул Советалда унел рукIана Дагъистаналъул Къоял, гьел рихьизарун рукIана ДАССРалъ I00 сон тIубаялда.

Бихьизабизе ккола гьеб букIанин кутакалда кIудияб, ва кIвар бугеб тадбир,-абун. Федерациялъул Советалде гьоркьобе нилъер республика лъугьана гIумроялда жаниб тIоцебе БетIер С. Меликовасул нухмалъиялда гьоркь кIудияб кIвар кьолеб буго Дагъистаналъул гIадамазул гIумроялъулаб даража борхиялде. Гьелде руссарал руго гьабсагIаталда республикаялда тIуразарулел киналго программаби ва хIукмаби.

Рохизе ккараб жо буго Дагъистаналъул Къоязда муниципалитетазе цIикIкIараб кIвар бугел проектазул рахъ кквей. Масала, Федерациялъул Советалде Дагъистаналъул Къоязда сенатораз лъай-хъвай гьабуна регионалъул соцалиябгун экономикияб церетIеялъулъ ругел лъикIал рахъазул ва захIмалъабазулгун.

Нилъедагоги лъала нилъер регионалда бугеб хIал. Амма гьаб нухалда букIараб цоцазе кумек гьабиялъ кинабго рахьалъ церетIун иналъе кIудияб асар гьабизе буго. СФялъул Комитеталъул заседаниялда федералиял органазул исполнительнияб власталъул нухмалъулел гIахьаллъиялъ чIагояб рухI лъуна республикаялъул захIмалъаби лъугIизариялъе, гьелъул церетIеялъе рихьизаруна механизмал, бегьулел вариантал, гьелдаго цадахъ тIадеги финансированиеги балагьун ва инвестициязул кумекалдалъуни республика цебетIеялъе нухал ратулел руго.

Нилъ киналго гьорлъе лъугьине ккола гьеб ишалде ва нилъедаго барабщинаб гьабизе ккола щвараб ресалдаса пайдаги босун, нилъер Дагъистан тIегьазабиялъе ва дагъистаниязе гьанжесел санагIалъабазул шартIазда гIумро гьабизе рес кьеялъе.

Унсоколо районалда чIахIиял ресал руго туризм бачиналъе ва цебетIезабиялъе, экономика, культура щвалде щвезабиялъеги. Гьел рахъал церетIеялъе киналго ресал ратизе ккола хадубккун районалда.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

## ЦIияб управление гIуцIана

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул хIукмуялдалъун райадминистрациялда цIидасан гIуцIана муниципалиябгун бюджетнияб организация «Управление строительства, единого заказчика и жилищно-коммунального хозяйства МО «Унцукульский район»,-абун. Управлениялде гьоркьоре уна кIиго отдел: бакIал раялъул ва архитектураялъул, ралед гьединго жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул.

Учреждение гIуцIун буго районалъул территориялда бакIал раялъулгун заказчиклъиялъул, ралел бакIазул проектал гьариялъул, бакIал райгун реконструкция гьабиялъул, капиталияб ремонталъул ишазе, социалиялгун культуриял, коммуналиялгун рукIа-рахьиналъул, гIадамал чIолел рукъзабазул, муниципалияб бюджеталъул, инвесторазул ва цогидалги хIалтIаби рачиналъе.

ЦIияб управлениялда гьаризе руго гьал хадусел хIалтIаби:

- районалъул территориялда бакIал берцинго къачIаялъул (къватIахъ канлъи чIезаби, сверухълъи гIурччин гьаби, къватIазда указател лъей) ва цогидаби;
- ремонт гьабиялъул ва къватIал къачIаялъул хIалтIуе нухал ва искусственниял сооружениял районалда къачIаялъе;
- районалъул гIорхъабазда жаниб гIадамазе транспорталъулаб хьулухъ гьаби гIуцIиялъе;
- муниципалиябгун жилищнияб фонд гIуцIиялда хадуб хъаравуллъи букIинабиялъе;
- насосазул станциязул ва магистральниял лъел рогIразул хIалтIуе ва ремонталъе хIалтIи гIуцIиялъе;
- муниципалиял хъулухъал гьари, «жанир чIолел рукъзабазул документал гьари, социалиял наймабазул къотIи-къаял гьари»;
- гIумроялде рахъинаризе заказчиказул функциял, заказчик-застройщиказул ва генералияв подрядчиказул проектирование гьабулаго, бакIал ралаго, капиталиябгун гьадингояб ремонтал гьарулаго, реконструкция, модернизация гьабулаго, социалияб сфераялда, инженерлъиялъулгун инфраструктураялъул, сетазул, коммуникациязул, росаби берцин гьариялъул рахъалъ муниципалиял хIажалъабазе;
- подрядалъулаб иш бачиналъе, гIуцIиялъе;
- ракьул участкаби ва ралел бакIазул площадка тIаса бищиялъе;
- проектниябгун-сметнияб документация хIадуриялъе, пачалихъиябгун къиматалъулаб экспертиза гьабиялъе;
- хал гьариял ва сметниял расчетал гьариялъе ва цогидалги хIалтIабазе.

Управлениялъул нухмалъулевлъун гьавуна ГIабдулхаликъов АхIмад ХIажиевич, бакIал раялъулгун архитектураялъул отделалъул начальниклъун гьавуна ГIабдурахIманов ХIажимурад Малачиханович, ЖККялъул отделалъул нач. ккола МухIамадов АсхIабгIали Исрапович.

## 8 Марталъул хIурматалда



Праздникалъулал къоязда цебе Шамильхъалаялъул административияб клубалда букIана руччабазул Къо кIодо гьабиялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана муниципалиталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, райадминистрациялъул хIалтIухъаби, батIи-батIиял бутIабазул вакилзаби.

Гьеб къоялда руччабазул рахьалъ абуна гIемерал хинал рагIаби. Тадбир рагьулаго культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас бихьизабуна руччаби мустахIикъал ругин бищунго хинал ва ракI-ракIалъулал рагIабазе. «Нужее гIоло ниж хIадур руго кIалъазе, лъикIал ишал гьаризе, бахIарчилъиялъе, гIицIго нуж лъикI рукIиналъе гIоло. Сахлъи кьеги нужее, руччаби»,- ян абуна баркулаго гьес.

Бищунго хинал рагIабигун руччабазда праздник баркун кIалъана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Жиндирго кIалъаялда гьес тIадчIей гьабуна бихьиназул гIумроялъулъ руччабаз ккола бакIалъул бицун хIал кIоларин. «8 март ккола нижер щивасда хасго бихьиназда гIумроялъулъ чIужугIаданалъ ккола бакIалъе къимат кьезелъун кьураб праздник. Эбел, яц, чIужу, яс, цадахъ хIалтIулел. Кутакалда кIвар бугеб роль хIалтIизабула чIужугIаданалъ бихьинчиясул гIумроялъулъ. Гьаб хIалуцараб заманалда чIужугIаданалъухъа бажарула карьера гьабизеги, лъималазе тарбия кьезеги, общественнияб хIалтIулъ жигараб бутIа лъезеги, хъизаналъулаб гIумро бачинеги. Гьеб киналъухъго руччабазе ракI-ракIалъулаб баркала,-ян абизе бокьун буго дие, биччай даимго талихIаб букIине чIужугIаданалъул гIумро,-ян абуна кIалъалаго хадубги бетIерас. Гьес праздник баркана ва баркала загьир гьабуна медицинаялъул, лъай кьеялъул, финансазулал, полициялда ругел руччабазе.

Хадуб букIана культураялъ отделалъ руччабазе сайгъат гьабураб концерт. Гьеб бачана РДялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГI-К. ГIабдурахIмановас. Руччабазда цере рахъана «Счастье гор», «Унцукуль» ансамблялги.

## «Автоледиязе» тIугьдул



8 марталъул праздникалда цебе Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул ОГИБДДялъул хIалтIухъабаз тIобитIана «Автоледиязе – тIугьдул» абураб акция. ГIадатиял документазул хал гьариялда бакIалда гьез рулалда нахъа ругел руччабазе гьайбатаб гьарарахьигун кьуна тIугьдул.

Праздник гьедин баркиялъ рохалилаб асар хутIана руччаби-шоферазулъ, гьез ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ГАИялъулазе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 11 (7460)
Хамиз
11 Март2021 сон



Гъал къоязда нилъер ракьцояв МухIамадзагьид Кихасуров тIамуна Дагъистаналъул ЗахIматалъул министерствалъул бетIерасул замлъун. Гьелъул хIакъалъулъ распоряжениялда гъоркь гъулбасана РДялъул премьер ГIабдулпатахI ГIамирхановас.

Цебе чиновникас нухмалъи гьабулеб букIана АГиПалъул госслужбаялъул ва шапакъатазул отделалъе.



# Нухазда хIинкъи букIунгутIиялъе



4 марталда районалъул администрациялда букIана нухазда хIинкъи гьечIолъиялъул комиссиялъул данделъи. Гьеб бачана бетIерасул зам., комиссиялъул пред. М. ХIамзатовас.

Данделъиялда гIахьаллъана Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул ОГИБДДялъул нач. Р. Мухтаров, РДялъул «ЦОДД» ГКУялъул нухмалъулесул зам. Р. ХIажибахIамадов, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ-М. ХIасанов, «УСНЗиЖКХялъул» МБУялъул нач. А. ГIабдулхаликъов, ЦРБялъул, росабазул ва гьезул школазул вакилзаби.

Байбихьулаб кIалъай гьабуна М. ХIамзатовас. Гьес бихьизабуна нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул суал бищунго аслияб ва приоритетниябльун бугин, гьеб суалалде цIикIкIараб кIварги кьезе кколин.

Районалъул нухазда бугеб хIалалъул ва гIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинабураб хIалтIул бицана Р. Мухтаровас. Гьес бихьизабуна нилъер бугин транзитнияб район, гьанисан хьвадула мугIрузул районазде гIемераб техника, гьелъул хIасилалда нухазда ккола къварилъабиги дагьал гьечIин. Гьеб суалалдехун жавабчилъиялда балагьизе ахIана данделъиялда кIалъалаго гьес – аслияб къагIидаялъ кIвар кьуна автомашинаби рачунезухъ букIине ккола медицинаялъул освидетельствование ва транспорталъул техническияб хIалалъул документал рукIиналде, гьеб рахьалде цIикIкIун кIвар кьезе кколин лъималазе къварилъи ккунгутIиялъе школаз, гьезул лъимал раччиялъе хасаб транспортги бугин. «Лъимал раччи гьеб буго цIакъго жавабияб ва цIодорлъи гьабизе кколеб хIалтIи. Гьелъул жавабчилъи бачIуна школазул директорзабазде. Гьединлъидал рукIине ккола документация ва тIалабал тIурай».

Лъимал раччулеб транспорталъул жавабияз риччалел гъалатIазул бицана Р. ХIажибах1амадовас. Гьес бичIчIизабуна кинал документал гьезие хIажалъулелали, кир ва кинал болжалазда гьел гьаризе кколелали, хIалтIул къагIидаби хвезаруни букIунеб жавабчилъиялдаги т1адч1ей гьабуна.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго М. ХIамзатовас бихьизабуна данделъи цIакъ пайдаяблъун лъугьанин ва ахIана нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде щивас кIвар кьезе кколин, тадбирал гьаризе кколин кинабго рахьалъ гьеб суалалда хурхун бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялде. Гьединал тадбирал гьаризе ахIана рухIияб рахъалъги, ГАИялъул ва цогидалги вакилзаби.

РацIцIалъи - иманалъул аслу

# КIудияб субботник



6 марталда Унсоколо ва Хьаргаби районазул нухмалъулез кIудияб субботник гIуцIун букIана Рихьуни лъел хIорида сверухъ бакI бацIцIад гьабиялъе. 8 марталъул хIурматалда гьеб къоялъ субботникалда гIахьаллъана гIицIго бихьинал, ай хIалтIана муниципалитетазул хIалтIухъаби. Гьез жидедаго гьоркьоб бикьана рацIцIад гьаризе ругел участкаби, гьенире рикьана хIалтIухъаби.

Гьеб къоялда субботникал гьаруна районалъул киналго росабалъ. ЦIакъго цIикIкIараб хIалтIи гьабуна лъел хIорида сверухъ. Акциялда гьоркьоре лъугьана Къудукь, Хьаргаби росабазул гIадамалги. Гьедин субботникалда гIахьаллъана Хьаргаби районалъул бетIер М-ГI. ТIагьиров, гьесул зам. А-ГI. Маликов, районалъул Собраниялъул пред. М-Б. ТIагьиров, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. М-Б. Арбулиев ва цогидалги.

Унсоколо районалъул администрациялъул рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабулеб буго гьел субботникалда гIахьаллъарал мадугьалзабазе. БатIаго баркала кьола «Хехаб кумекалъул» бригадаялъе, МЧСалъул вакилзабазе, полициялъулазе.

КIочонге, дунялалдаго гIадлу-низам букIиналъе хIалтIи гьабизе кколарокъосан, тIабигIатгун экология нилъеца цIунулеб буго нилъерго лъималазе.

Тарихалдаса тIамчал

# ГIабдулхIажи устарасулги ХIоцоса Нажмудинилги дандчIвай

Машгьурав ГIабдурахIман Сугъуриясул цIалдохъан Генуса ГIабдулахIажияв устар I878 соналда пачаясде данде чIараб восстаниялда гIахьаллъиялъе ва гьелъул рахъ ккеялъе гIоло кIицIулго ссылкаялъ витIун вукIана Тверечалъул губерниялде.

Жеги революция ккезегIан цебего Нажмудиние бокьун букIана Россиялдаса батIаги гьабун, Дагъистан исламияб пачалихълъун гьабизе. Гьес жиндирго пикраби дандралел рукIана Дагъистаналъул гIалимзабазда ва гьезда гьоркьоса жиндирго рахъ кколел ралагьулел рукIана. Гьев вачIана ГIабдулхIажияв устарасухъеги.

Гьадингоги аграрияб нахъеккей бугеб Дагъистаналъул Россиягун батIалъун хадуб букIине бугеб къисмат бичIчIулев, гIадатиял гIадамазда гъорлъ вугев ва Кавказалъул рагъаздаса хадуб магIарулазул бугеб хIал лъалев гьес Нажмудинихъги гIенеккун абуна:




-Нажмудин, магIарулал свакан кьижун руго, гьел рорчIизе гьаруге!

Нажмудинида Дагъистаналда ратичIо жиндирго рахъ кколел. Цинги гьев Турциялде гочун арал магIарулазул гIалимзабазухъе ана. КIикIуниса МухIамад устарас гьесда абуна:

-Дун херлъунги, чорхол хIал дагьлъунги вуго. Гьеб ишалъе дир гьунарги гIоларо. Гьеб суалгун, мун гьадав дир яццалъул вас Шарапудин устарасухъе а,-ян

Шарапудин устарас гьесда абуна:

-Нажмудин, мун гьелде регIарав чи гуро. Дур эмен кIудияб гIазабалъулъ вуго,-ян.

Гьединги абулаго Шарапудин устарас Нажмудинида ракIалде щвезабуна инсуца гIарцухъ Шамил имам гIурусазухъе кверде кьуравлъи.



ХIоцоса Нажмудин

Нажмудиница рагIичIеб ххвел гьабулеб букIиндал Шарапудин устарас жиндирго рагIаби цIидасан такрар гьаруна. Цинги Нажмудин кара виххана: «Мун Шарапудин-устар гурев, щайтIан-устар вукIун вуго»,-янги абун речIчIизабун нуцIагун къватIиве лъугьун ана рокъоса. Гьедин Нажмудинида ратичIо жиндирго рахъ кколел диналъул церехъаби.

Нажмудинил хадусеб къисмат магIарулазда лъала.

# Гьан багъалъана

Гьал къоязда РДялъул Правительствалда гьоркьор лъуна квана-гьекъолел жалазул базаралда багьаби рукIалиде ккезариялъул суал. Данделъи букIана видеоконференция гIадин, районалъул бутIрулги гIахьал гьарун. Данделъи бачана РДялъул вице-премьер ГI. ГIабдулмуслимовас. Гьениб бихьизабуна кванил базаралъул хIалтIи хIехьезе бегьулеб бугин. Гьенибго тIадчIей гьабуна ахирияб къоязда гIи-боцIул гьан багьалъанин. Гьеб 330 букIараб батани, бахун буго 420-440 гъурущалде.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№11 (7460)
Хамиз
11 Март 2021 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# Уважаемые жители Унцукульского района!

С понижением температуры среди различных причин пожаров ведущее место занимают несоблюдение мер пожарной безопасности при эксплуатации печного отопления, использование самодельных электронагревательных приборов и электрооборудования.

Несмотря на проводимые оперативно-профилактические мероприятия по предупреждению пожаров и отравлений угарным газом, с наступлением холодов на территории республики отмечается резкий рост несчастных случаев, связанных с пожарами и отравлениями граждан угарным газом.

Только за февраль 2021 года в городах и районах РД зафиксировано 19 несчастных случаев, связанных с пожарами и отравлениями граждан угарным газом из-за неисправности газового оборудования, в результате которых пострадало 13 человек (3 факта со смертельными исходами).

Основной причиной возникновения подобного рода происшествий является несоблюдение требований безопасности при установке в жилых домовладениях отопительных котлов, газовых колонок, неисправности электропроводки, использования несертифицированных или самодельных обогревательных приборов.

Также повышенную опасность представляют случаи утечек газа из-за неисправности газового оборудования и последующего возгорания, что приводит к серьезным разрушениям домовладений и жертвам среди проживающих в них граждан.

В целях профилактики происшествий, связанных с возникновением пожаров из-за неисправности обогревательного оборудования, просим граждан соблюдать меры пожарной безопасности, исключить факты использования несертифицированных, самодельных и неисправных обогревательных приборов, электропроводки.

Особое внимание обращаем на владельцев старых и домовладений, в которых проживают многодетные семьи, а также граждане преклонного возраста.

При эксплуатации печного отопления запрещается:

- оставлять без присмотра топящиеся печи, а также поручать детям следить за ними;
- располагать топливо и другие горючие вещества и материалы на предтопочном листе;
- использовать самодельные несертифицированные обогревательные приборы, не отвечающие требованиям пожарной безопасности, стандартам и техническим условиям;
- при установке временных металлических и других печей заводского изготовления должны выполняться указания (инструкции) предприятий-изготовителей, а также требования норм проектирования, предъявляемые к системам отопления.

Уважаемые жители района!

За несоблюдение мер пожарной безопасности законодательством РФ предусмотрена уголовная и административная ответственность. Просим вас беречь себя и своих близких!

**ОМВД России по Унцукульскому району.**

# Регионы и районы получат новую статистику

Развитие региональной и муниципальной статистики — одна из стратегических целей Росстата. Об этом заявил глава ведомства Павел Малков во время рабочего визита в Новгородскую область.

На встрече с журналистами Павел Малков рассказал об особенностях первой цифровой переписи и возможном качественном изменении статистики.

«Развитие региональной и муниципальной статистики — один из приоритетов Росстата до 2024 года. Сейчас мы стремимся, чтобы лицо статистики стало более дружелюбным и открытым. Работаем над тем, чтобы наши цифры были понятны каждому и активно использовались при принятии управленческих решений. Стараемся расширять состав показателей, адаптировать его под нужды потребителей нашей информации», — сообщил Малков.

Глава Росстата заметил, что ранее статистика была более ориентирована на нужды федерального уровня: «Я более 10 лет работал в органах исполнительной власти РФ и знаю о сложностях получения первичных местных данных, по отдельному муниципалитету. Сейчас мы учимся бороться с такой ситуацией».

Одно из главных решений, которое позволит адаптировать статистику под запросы потребителей и повысить точность и полноту первичных данных — переход на электронную отчетность.

«Мы провели достаточно большую работу — с этого года полностью отказываемся от приема бумажной отчетности у крупного и среднего бизнеса, со следующего года — у малого бизнеса, то есть переходим на отчетность исключительно в электронном виде. Уже это позволит существенно повысить точность и качество первичных данных. Плюс мы серьезно работаем в целом над развитием наших информационных систем. И уже применяем искусственный интеллект в работе с данными контрольно-кассовой техники при расчете индекса потребительских цен», — отметил Малков.

Электронные технологии будут активно применять и в переписи населения: это цифровые переписные листы, которые будут заполняться переписчиками на планшетах или самостоятельно жителями через портал Госуслуг. Впервые Росстат будет использовать в переписи BI-систему обработки информации, в которую войдут и данные операторов мобильной связи — они помогут в оценке численности населения в муниципальных районах и городских округах.

При этом все электронные данные на момент сбора и в дальнейшем останутся обезличенными и их нельзя персонифицировать — это важный принцип развития цифровой статистики, — подчеркнул глава Росстата.

**Медиаофис Всероссийской переписи населения**

# Предоставление субсидий предпринимателям

Предприниматели, организующие производство в реальном секторе экономики, могут получить помощь от государства в виде субсидий на возмещение до половины понесенных затрат. Предоставление субсидий осуществляет Минэкономразвития РД в рамках реализации госпрограммы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».

Программа направлена на поддержку организации производства продукции в горных территориях республики с целью улучшения их социально-экономического положения, повышения благосостояния и качества жизни населения, а также сокращения миграционного оттока из сельских поселений в городские.

На получение субсидий могут претендовать также личные подсобные хозяйства, меры поддержки для которых предусмотрены в виде возмещения затрат на приобретение малогабаритной техники (сенокосилка, сепаратор, мотоблок, культиватор и многое другое из того, что используется для производства сельскохозяйственной продукции).

Для участия в отборе претенденты должны представить в Минэкономразвития РД (либо через филиалы МФЦ) перечень документов и заявку по утвержденной форме. Важно отметить, что заявки могут подавать предприниматели, реализующие деятельность по производству на протяжении последних трех лет.

Прием заявок стартует 9 марта и продлится до 11 мая 2021 года. В случае остатка средств по итогам завершения конкурсных процедур конкурсный отбор будет продолжен с объявлением новых сроков. При этом предприниматели, не прошедшие конкурсный отбор по причинам, которые могут быть устранены, смогут подать заявку повторно.

Помимо этого, в текущем году в Дагестане впервые будет реализована поддержка жителей равнинной части республики, планирующих осуществлять деятельность в горных территориях по таким специальностям как ветеринар, агроном, зоотехник, механизатор сельского хозяйства. Мероприятие предусматривает предоставление единовременных выплат.

Справочно:

Государственная программа «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» утверждена постановлением Правительства Республики Дагестан от 18 февраля 2020 года № 21. Предоставление субсидий осуществляется в соответствии с порядками, утвержденными постановлением Правительства Республики Дагестан от 6 августа 2020 года № 168.

# Внимание!!!



**Уважаемые жители Унцукульского района!**

Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан сообщает, что по информации Горного ботанического сада ДФИЦ РАН, на территории республики Дагестан обнаружено распространение злостного сорняка - колючещетеник длинноколючковый способного нанести значительный ущерб сельскому хозяйству.

# Анимированный ролик об организации проведения НОКО

В целях информирования участников отношений в сфере образования (педагогический и руководящий состав образовательных организаций, обучающиеся и их родители (законные представители) о проведении независимой оценки качества осуществления образовательной деятельности организациями,осуществляющими образовательную деятельность (далее - НОКО), а также оказания методической помощи в ее проведении органам местного самоуправления и общественным советам по проведению НОКО Министерством просвещения РФ создан анимированный ролик.

Анимированный ролик об организации проведения НОКО размещен на сайте Министерства образования и науки Республики Дагестан, в разделе «Независимая оценка качества осуществления образовательной деятельности» (http://www.dagminobr.ru/deyatelnost/nezavisimaya_ocenka_kachestva_obrazovaniya), доступен для просмотра и скачивания.

# ДандчIвай букIана



8 Марталъул праздникалъул къоязда цебе гIемерал соназ гIолеб гIелалъе тарбия кьеялда хIалтIулел рукIарал руччабазулгун цIалдохъабазул дандчIваялъул тадбир тIобитIана гIолел туристазул станциялда. Гьенире ахIун рукIана рикIкIадаб Россиялъул ракьалдаса нилъер лъималазе лъай кьезе ячIарай ва къисматалъ бусурманай магIарулайлъунги гьаюн, ансадерил жамагIаталъе хIажатайлъун лъугьарай Мух1амадова Зоя Дмитревна, районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редакторлъун гIемерал саназ хIалтIарай Саният КъебедмухIамадова, «Голосгор» сетевияб газеталъул редактор Мадина СултIанова, районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъаби – педагогал Умагьани ХIасанова, Заргьаъ НурмухIамадова.

Гьезул щиялъ цIалдохъабазе бицана жидецаго тIубазабулеб махщел тIаса бищиялъе ккараб гIиллаялъул, тIадаб хIалтIи намусалда тIубаялъул бугеб кIваралъул, букIинесеб махщел бокьун тIаса бищизе ккеялъул.

ДандчIваялда цIалдохъабазда кинабго рахъ бичIчIуледухъ махщалида программа бачана СЮТалъул методист П. ХIайбулаевалъ. Гьединго цIалдохъабаз дандчIвазе рачIаразе тIаса бищараб махщалил хIакъалъулъ кьуна гIемер суалал, цIалана кучIдул.

# Щвана цIар арал руччабазухъе



8 марталда районалъул администрациялъул вакилзабаз рокъоре ун праздник баркана район цебетIезабиялъулъ бутIа лъурал ва рагъулаб хъулухъ тIубалаго васал-росал хварал руччабазда. Гьедин муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва гьесул зам. ГI-М. МухIамадовги щвана Рихьуни росулъа исполкомалъул секретарасул замлъун ва цогидалги хъулухъазда гIемерал саназ хIалтIарай Бадаева СалихIат Шамиловналъухъе. Праздник баркулаго бетIерас баркала загьир гьабуна гьелъие район цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ.

БетIерасул зам. М. ХIамзатов ва Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев щвана захIматалъул ветеран ХьарамухIамадова Марям ХьарамухIамадовналъухъе.

Гьединго ракI-ракIалъулаб баркигун баркала ва сайгъатал гьеб къоялъ щвана захIматалъул ветеран ХIамзатова Сакинат ХIамзатовналъе, РФялъул мустах1икъай врач, тIадегIанаб категориялъул врач МухIамадова Зубаржат МухIамадовналъе, тIадаб налъи тIубазабулаго чIварал рагъул хъулухъазул васазул-росабазул къоролзаби Давудова ГIазраъ ГьазимухIамадовналъе ва МухIамадова Умахайир МухIамадовналъе.

РакIалдаго гьечIого нухмалъиялъ гьабураб гьединаб тIалабчилъиялъулаб балагьиялъ рази гьаруна гьел.



Лъай кьей

## ЦIалдохъабазул ва гьелгун хIалтIулезул хIадурлъиялъул хал гьабуна



Районалъул Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазулги гьел хIадурулел хIалтIулаб персонжалъулги гьал къоязда букIана ракIалда гьечIеб иш тIаде бачIани хIадурго рукIиналъе бугеб хIадурлъиялъул хал гьаби (тренировка).

Гьеб тIобитIана Россиялъул гражданазулаб оборонаялъул къоялда хурхун.

Спорт

## Бергьарал кIодо гьаруна

4 марталда Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалда букIана зоналиябгун республикаялъул спортивиябгун тайскияб боксалъул, гугариялъул гьединго тIадагьаб атлетикаялъул къецазда призералгун ва бергьарал спортсменалгун дандчIвалеб кIудияб тадбир. Гьезда хIасилал баркизе рачIун рукIана районалъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ-М. ХIасанов, гIолилазулгун спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов ва гIемерал цогидалги.

Школалъул дирекциялъ баркала загьир гьабуна гIолилазул ишалде кьураб кIваралъухъ гьалбадерие – бихьизабуна спортсменаз бергьенлъаби росиялъе аслияб гIилла бугин спортшколас гьезулгун гьабулеб хIалтIуде унго-унгояб кIвар кьолеб букIин. Цо рахъалъ гьеб буго Шамильхъалаялъул ДЮСШялъул махщел камилав тренер вукIин. ТI. ТIагьиров ккола РДялъул физкультураялъулгун спорталъул рахъалъ мустахIикъав хIалтIухъан, гугариялъул рахъалъ РДялъул мустахIикъав тренер.

ТI. ТIагьировас кIалъалаго баркала загьир гьабуна спорталде гьира бугел ва гьелъулъ лъикIал хIасилал росулел ругел спортсменазе. «ХIалчIахъадал руго нуж, хIалчIахъадал руго нужер педагогалги, нужее гьединаб лъайгун тарбия кьолеб бугелъул. Лъимал, кидаго рехун тоге спорт. Гьелъие нужее гIурал шартIал чIезарун руго, цебе нижее гьелъул рахъалъ анищал гьаризецин ресал рукIинчIо. Пайда босе киналго нужее кьурал ресаздаса. Гьале нужее гIоло гьаниб рагьана рагьараб къагIидаялъул физкультураялъулгун спорталъул ва сах гьариялъул комплекс, гьанир руго гIемерал тренажерал ва ресал нужее спорталъе. Къимат гьабе гьелъул. Релъараллъун рукIа цIар арал нилъер умумазда, магIарулазда, рукIа гьел гIадин бихьинчилъиялъул, къвакIиялъул мисаллъун. Баркула нужеда бергьенлъаби ва гьарула рорхалъаби!»,-ян абуна ТIагьир ШагIбановас.

Баркиялъул каламгун кIалъана ГI-М. МухIамадов, Къ-М. ХIасанов ва цогидалги. Бергьенлъабигун къецаздаса руссаразе кьуна шапакъатал.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 11. 3. 2021 г. 17.20
фактически -18. 00 мин.
......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.